

Kesyon Moun Poze Souvan

Kisa viris Zika (Zika) ye?

Zika se yon enfeksyon viral ki simaye souvan lè yon marengwen enfekte mòde ou. Li kapab simaye pafwa lè yon moun fè bagay avèk yon patnè ki enfekte. Anjeneral deklanchman yo parèt nan Afrik twopikal ak nan sidès Azi. Nan mwa me 2015, peyi Brezil te rapòte premye deklanchman Zika nan Amerik yo. Kounye a Zika prezan nan anpil peyi ak teritwa, menmsi yo poko prevwa deklanchman jeneral nan Etazini kontinantal.

Kimoun ki pran Zika?

Nenpòt yon marengwen ki enfekte mòde, oswa ki fè bagay san pwoteksyon avèk yon patnè ki enfekte kapab vin enfekte avèk Zika.

Kijan moun pran Zika?

Pi souvan moun yo pran Zika lè marengwen enfekte ki rele *Aedes* mòde yo. Se menm marengwen sa a ki simaye deng ak chikungunya. Moun kapab pran Zika tou lè yo fè bagay san pwoteksyon avèk yon patnè ki enfekte.

Ki sentòm ki nan Zika?

Apre yon moun sou senk ap gen sentòm yo epi anjeneral enfeksyon an lejè. Sentòm moun gen souvan yo se lafyè, gratèl, doulè jepyè oswa zye wouj. Kèk nan lòt sentòm komen yo se doulè miskilè ak maltèt. Anjeneral sentòm yo kòmanse 2 a 7 jou apre yon moustik enfekte mòde moun nan epi yo dire anpil jou jiska yon semèn. Zika pa souvan lakòz moun entène nan lopital oswa mouri, men yon twoub nè, Sendwòm Guillain-Barré kapab raman vini apre yon enfeksyon. Pi gwo enkyetid la gen pou wè ak defòmasyon nan nesans yo te obsève lè fanm ansent yo vin enfekte avèk viris la.

Kijan doktè dekouvri Zika?

Sentòm Zika sanble avèk sentòm deng ak chikungunya, ki se maladi moun pran akòz viris menm kalite marengwen an ap simaye. Wè pwofesyonèl swen sante ou si ou vin gen sentòm ki dekri anwo a epitou si ou te ale nan yon zòn ki gen Zika. Si ou arisk, pwofesyonèl swen sante ou ka rekòmande pou fè kèk tès pou konnen si ou gen viris Zika oswa lòt viris sanblab.

Ki diferans ki genyen ant Zika, deng ak chikungunya?

Tout viris sa yo lakòz sentòm ki sanble, men sèten sentòm sijere yon maladi oswa yon lòt. Pifò pasyan ki gen Zika yo gen gratèl sou po; Pifò pasyan ki gen deng gen yon lafyè ki cho anpil ak doulè miskilè ki pi grav; Pifò pasyan ki gen chikungunya gen yon lafyè ki cho anpil ak doulè jwenti ki pi fò nan men, pye, jenou ak do.

Ki tretman ki genyen pou Zika?

Pa gen tretman espesyal pou Zika. Sentòm trete lè pasyan yo repoze, bwè fliyid pou evite dezidratasyon, epi pran medikaman tankou acetaminophen oswa paracetamol pou soulaje lafyèy la ak doulè a. Ou ta dwe evite aspirin ak lòt medikaman anti-enflamatwa non-estewoyidyen (non-steroidal anti-inflammatory drugs, NSAID), tankou ibuprofen ak naproxen, jouk lè doktè kapab deside deng lan ap redui risk pou senyen plis.

Èske moun ki gen Zika transmèt maladi a ba lòt moun?

Zika bezwen yon vektè (yon mwayen transpò) pou enfekte moun; anjeneral, vektè sa a se moustik. Men, yo te jwenn viris Zika nan espèm epi yo te note transmisyon seksyèl viris la ant youn ak yon lòt moun. Moun ki vwayaje nan yon zòn ki gen Zika ta dwe kontinye fè etap pou pa kite marengwen mòde yo pandan twa semèn apre yo kite zòn ki afekte avèk Zika pou yo evite simaye viris la, menmsi yo pa santi yo malad. Se sèlman youn sou senk moun enfekte ki gen sentòm yo. Yo kapab jwenn viris Zika nan san yon vwayajè ki enfekte epi viris la kapab transmèt ba yon lòt marengwen lè lòt marengwen an mòde moun ki enfekte a. Answit, yon marengwen ki enfekte kapab simaye viris la ba lòt moun.

Kijan ou kapab anpeche Zika lè ou pa kite marengwen mòde ou?

Pa gen vaksen ni medikaman prevantif ki disponib nan moman sa a. Pi bon fason pou anpeche Zika rive sou ou se pa kite marengwen mòde ou lè ou vwayaje nan yon zòn ki gen Zika.

- Itilize yon pwodui anti-moustik ki anrejistre nan EPA. Anpil pwodui anti-moustik san danje pou fanm ansent ak timoun itilize, men sonje pou tcheke etikèt pwodui a pou nenpòt avètisman epi pou swiv enstwiksyon yo depre.
- Lè ou andedan kay ou, itilize è-kondisyone, griy fenèt oswa moustikè ki trete avèk ensektisid pou anpeche marengwen yo antre lakay ou.
- Redui kantite marengwen ki deyò lakay ou oswa chanm otèl ou. Pou fè sa, vide oswa chanje dlo-dòmi ki nan resipyan yo tankou po flè, veso bèt kay ak basen zwazo.
- Si gen bon tan, mete rad manch long ak pantalon long lè ou deyò.

Pou jwenn enfòmasyon sou fason pou pi byen pwoteje kont tout maladi ki gen pou wè ak vwayaj, li rekòmande pou wè yon klinisyen ki gen espètiz nan lamedsin vwayaj anvan yon vwayaj ou planifye.

Ki risk Zika genyen sou gwosès?

Enfeksyon viris Zika pandan gwosès se yon kòz mikwosefali ak lòt defòmasyon grav sou tibebe ki nan vant manman yo, epitou li te konekte avèk pwoblèm sou tibebe, tankou defòmasyon nan zye, pèt odisyon, ak kwasans afebli. Syantifik yo ap etidye anpil kalite pwoblèm sante posib enfeksyon viris Zika ka lakòz pandan gwosès.

Kijan ou kapab evite transmisyon seksyèl Zika?

Zika kapab transmèt nan sèks ant yon moun ak yon lòt moun ki gen Zika ba li oswa patnè seksyèl li yo. Sèks gen ladan sèks vajinal, sèks anal, ak sèks oral, epi itilizasyon jwèt seksyèl ansanm Zika kapab transmèt nan sèks, menmsi moun nan pa gen sentòm yo nan moman an. Tablo ki anba la a montre kantite pou sèvi ak kapòt oswa pou pa fè bagay.

Pou Moun Ki Te Vwayaje nan yon Zòn ki Gen Zika*

Si ou ansent	Fanm ansent yo pa ta dwe vwayaje nan zòn ki gen Zika. Si ou dwe vwayaje nan yon zòn ki gen Zika, pale avèk pwofesyonèl swen sante ou.
Si patnè ou ansent	Sèvi ak kapòt kòrèkteman, chak fwa w ap fè sèks vajinal, anal, oswa oral, oswa pa fè sèks pandan tout tan ou ansent lan.
Si oumenm ak patnè ou planifye yon gwosès	Anvizaje pa fè vwayaj ki pa nesèsè nan zòn ki gen transmisyon aktif Zika. Diskite sou plan ou pou gwosès ou avèk yon pwofesyonèl swen sante pou detèmine risk ou ak chwa ki disponib yo.
Si oumenm oswa patnè ou pa ansent epi si ou p ap planifye yon gwosès	<p>Gason yo: anvizaje sèvi ak kapòt oswa anvizaje pa fè sèks pandan omwen 6 mwa apre vwayaj la (si ou pa gen sentòm yo) oswa pandan omwen 6 mwa apati kòmansman sentòm yo (oswa dyagnostik Zika) si ou vin gen Zika.</p> <p>Fanm yo: anvizaje sèvi ak kapòt oswa anvizaje pa fè sèks pandan omwen 8 semèn apre vwayaj la (si ou pa gen sentòm yo) oswa pandan omwen 8 semèn apati kòmansman sentòm yo (oswa dyagnostik Zika) si ou vin gen Zika.</p>

Konbyen tan mwen ta dwe rete tann pou mwen vin ansent?

Yon fanmi ki anvizaje vin ansent, ki te vwayaje pa twò lontan nan yon zòn ki gen transmisyon Zika lokal*, ta dwe pale avèk pwofesyonèl swen sante li apre li retounen.

Konbyen tan mwen ta dwe rete tann pou mwen vin ansent?

Peryòd Tan ki Rekòmande pou Rete Tann Anvan Ou Eseye Vin Ansent Aprè Ou Te Pètèt Ekspoze nan Viris Zika**	
Si oumenm oswa patnè ou planifye pou vin ansent nan tan ki pa lwen	Anvizaje pa fè vwayaj ki pa nesèsè nan zòn ki gen transmisyon aktif Zika*.
Fanm yo	Rete tann omwen 8 semèn apre sentòm yo kòmanse oswa nan dènye fwa ou te pètèt ekspoze
Gason yo	Rete tann omwen 6 mwa apre sentòm yo kòmanse oswa nan dènye fwa ou te pètèt ekspoze

*CDC konsève yon lis zòn ki gen transmisyon aktif Zika: www.cdc.gov/zika/geo

**Te pètèt ekspoze nan viris Zika defini kòm vwayaj pou ale oswa ap viv nan yon zòn kote gen transmisyon viris Zika, oswa fè bagay (sèks vajinal, sèks anal, ak sèks oral, ak itilizasyon nan jwèt seksyèl ansanm) san ou pa itilize yon metòd baryè pou evite enfeksyon an, tankou kapòt gason ak kapòt fanm ak dig dantè, avèk yon gason oswa yon fanm ki te vwayaje oswa ki t ap viv nan yon zòn kote gen transmisyon viris Zika.

Koup ki pa vle vin ansent ta dwe itilize metòd kontraseptif ki pi efikas yo kapab itilize yon fason konsistan ak kòrèk, epi yo ta dwe sèvi ak kapòt pou evite transmisyon seksyèl Zika.

Ki kote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon sou Zika?

- Pwofesyonèl swen sante ou
- Depatman sante lokal ou (anyè depatman sante lokal nan New Jersey: www.state.nj.us/health/lh/documents/lhdirectory.pdf)
- Depatman Sante New Jersey: www.nj.gov/health/cd/zika
- Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers Disease Control and Prevention, CDC): www.cdc.gov/zika/index.html
- Avi CDC sou Sante pou Vwayaj: wwwnc.cdc.gov/travel/notices
- Pou jwenn dènye enfòmasyon pou pwograme gwosè ou apre ou te ekspoze nan Zika ak prevansyon transmisyon nan sèks, ale sou sitwèb CDC: <http://www.cdc.gov/zika/transmission/sexual-transmission.html>

Enfòmasyon sa yo la pou rezon edikasyon sèlman epi yo pa la pou ranplase konsiltasyon avèk yon pwofesyonèl swen sante. Adapte nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi ak Òganizasyon Sante Panameriken (Pan American Health Organization).

Revize nan mwa oktòb 2016